

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Hasil panalungtikan kana wawacan PIkC ngahasilkeun tilu kacindekan utama, nyaéta struktur naskah, struktur pormal jeung naratif wawacan, jeung gambaran (cinta) wanoja Sunda nu aya dina wawacan PIkC.

Struktur naskah mangrupa péréléan tina eusi naskah. Naskah wawacan PIkC dibagi jadi tilu bagian, nu ngawengku bubuka, papatah Sunan Bagus, jeung carita nu ngagambarkeun conto istri nu sampurna. Kahiji, wawacan dimimitian ku du'a ka pangéran. Kadua, papatah Sunan Bagus (SB) anu di jerona ngawengku papatah pikeun awéwé nu néangan pisalakieun, hasilna nya éta: 1) nu ngora kudu resep mikir, 2) salawasna kudu éling jeung bisa dipercaya, 3) kudu awét boga salaki, 4) kudu hormat ka salaki, 5) kudu bener milih pisalakieun, 6) ulah gunta-genti salaki, 7) kudu asak pamikir saméméh kawin. Papatah pikeun lalaki nu néangan pipamajikaneun, hasilna nya éta: 1) Ulah kajurung ku napsu lamun aya karep rék kawin, 2) kudu bisa milih pipamajikaneun, 3) kudu ngajaga kahormayan kolot dina milih pipamajikaneun. Papatah pikeun awéwé nu geus jadi pamajikan, hasilna nya éta: 1) Kudu getén jeung tulatén dina nyanghareupan salaki, 2) lamun digeroan, geura nyampeurkeun, 3) mun salaki nitah kudu geuwat dilaksanakeun, 4) mun diajak ka mana waé kudu ningalikeun sipat nu hadé, ulah matak pingéwaeun, 5) lamun aya kasalahan kudu geuwat ménta hampura, 6) ulah indit teu bébéja, sok sanajan rék mulang deui, 7) ulah rék indit-inditan lamun keur euweuh salaki, 8) lamun salaki ngambek ulah dibales ngambek, 9) ulah sok ngomongkeun kagoréngan salaki ka batur, 10) ulah sok miheulaan dahar, iwal lamun dititah, 11) lamun salaki ngajak saré kudu geuwat dilaksanakeun, 12) lamun rék saré ulah sok loba omong, bisi kasalahan ucap nu matak pipaséaeun, 13) mun salaki mulang gawé geuwat bagéakeun, tampanan babawaanana terus urus susuguhna, 14) lamun narima tamu kudu dibagéakeun sok sanajan karék paséa, 15) kudu gedé ka éra tur ulah jalingkak, 16) Kudu bisa ngurus awak. Katilu, conto carita awéwé nu sampurna. Dina naskah PIkC aya dua carita nu

nyaritakeun conto istri nu sampurna, nya éta: Carita Nyi Iyar dibagi bonténg pait ku Sulton, jeung Nyi Iyar teu milu muluhan harta paméré Sulton.

Srtuktur formal wawacan nu dianalisis nyoko kana guru lagu jeung guru wilangan, watek pupuh jeung sasmita pupuh. Kahiji, tina analisis guru lagu jeung guru wilangan wawacan PIkC, kapanggih aya 74% luyu, jeung 26% teu luyu kana patokan guru wilangan pupuh nu baku. Sedengkeun guru laguna, 89 % luyu jeung aturan baku, 11% méngpar tina aturan baku guru lagu pupuh. Kadua, watek nu kapanggih dina wawacan PIkC nya éta: 1) pupuh Asmarandana mibanda watek nepikeun eusi haté ti Sunan Bagus ka anak incuna, anu mangrupa rasa kanyaah sangkan teu salah dina hirup rumahtangga, 2) pupuh Kinanti ngagambarkeun ngarep-ngarepna hiji lalaki kana robahna sikep pamajikanana ngaliwatan hasil tina papatah-papatahna, jeung rasa prihatina hiji lalaki nu miharep pamajikanana bisa nutupan pasemon amarahna, 3) pupuh Sinom ngagambakeun kaasihna Sulton Mahmud ka nu jadi istri, 4) pupuh Dangdanggula ngagambarkeun kaayaan bungah jeung gumbira pangarang upama éta papatahna téh dilaksanakeun ku anak incuna. Katilu, sasmita nu kapanggih dina wawacan PIkC nya éta kecap kinanti nyirian pindahna pupuh asmarandana kana kinanti, kasinoman nyirian pindahna pupuh kinanti kana pupuh sinom, jeung manis jeung geulis nu nyirian pindahnya pupuh sinom kana pupuh dangdanggula.

Struktur naratif nu dianalisis nyoko kana téma, tokoh, galur, latar jeung motif carita. Kahiji, tema carita dina wawacan PIkC nya éta papatah salaki pikeun pamajikana sangkan rumahtangga langgeur jeung selir nu ahirna jadi istri sah Sulton lantaran hadé sifat jeung tingkahlakuna. Kadua, aya dua jenis palaku nu kapanggih nyaéta palaku utama jeung palaku panambah, aya 3 palaku utama nu ngalalakon nya éta Akang (Sunan Bagus), Sulton Mahmud jeung Nyi Dewi Iyar, jeung 9 palaku tambahan nu jadi panglengkep carita nya éta panghulu jaga, papatih panghulu, pawarang, selir, ponggawa mantri, hulubalang, perjurit, jeung juru kunci gudang. Katilu, latar nu kapanggih nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar Sosial. Latar tempat dina ieu carita nay éta di témpat karaton, Paséban, di imah Sulton jeung di pakampungan. Sedengkeun latar waktuna teu disebutkeun sacara jelas, tapi ngan sukur katerangan waktu, saperti hiji mangsa, waktu keur ngadeuheusan, jst. latar sosial ngagambarkeun kahirupan ménak jaman harita,

jeung latar suasana nu kapanggih dina wawacan PIkC nya éta suasana jempe, raména nu parebut harta, jeung pating kecewisna nu ngobrolkeun Nyi Iyar. Kaopat, galur dina wawacan PIkC nya éta galur maju nu ditandaan ku carita Nyi Iyar jadi selir, tur dipungkas ku diangkatna Nyi Iyar jadi istri sah Sulton (pawarang). Kalima, motif carita nu aya dina wawacan PIkC nya éta motif hiji selir nu ahirna jadi istri sah sulton (pawarang), nu dipikaresep ku rahayatna tur

## 5.2 Saran

Wawacan “Pranata Istri ka Carogé” mangrupa produk karya sastra heubeul nu eusina mangrupa papatah dina wangun papagon atawa aturan-aturan pikeun istri dina ngalakonan hirup saméméh rumangtangga, jeung sanggeus ngambah sagara rumahtangga. Ku kituna, loba hal anu masih kénéh bisa diguar tina wawacan anu can ditalungtik. Aya sababaraha saran nu ditepikeun dina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun pamaréntah dina ngajaga tur ngariksa karya sastra heubeul anu miboga ajén luhung;
- 2) Ieu panalungtikan bisa dilarapkeun pikeun istri-istri nu liana dina ngalakonan hirup rumahtangga;
- 3) Ieu panalungtikan salasihiji tarékah pikeun mikanyaho jeung mertahankeun papagon-papagon baheula dina ngambah sagara rumahtangga;
- 4) Ieu panalungtikan ngan saukur jadi salasihiji jalan pikeun ngayakeun panalungtikan anu leuwih teleb deui. Lantaran masih loba ajén-inajén anu nyangkaruk dina naskah wawacan “Pranata Istri ka Carogé” nu can diguar.